Impact Factor: 9.2 ISSN-L: 2544-980X

# Қарақалпақ Романының Жанрлық–Стильлик Өзгешелиги Мәселелери Ҳаққында (1991-2001-Жыллар)

***Х. Утемуратова*** [1]

**Аннотация:** В этой статье анализируется проблема жанрово-стилевого своеобразие романа каракалпакских писателей. Ученые Л.П.Александрова, Р.Фатхрахманов, Д.Б.Деркач, А.Т.Каттабеков, З.Бекбергенова, П.Нуржанов в своих исследованиях затронули эту проблему. Статья посвящена одной из актуальных проблем каракалпакского литературоведения. Автором определены искания писателя К.Мамбетова, А.Султанова, Т.Алланазарова и Ж.Сапарова и художественные особенности жанра исторического романа. Также речь идёт об изучении творческого мастерства писателей. Определение индивидуального стиля писателя в литературе имеет большое значение.

Жәҳән әдебияттаныў илиминде тарийхый романлардың сюжетлер системасы, композициясы, конфликти, образлары ҳәм стиль мәселесине қаратылған изертлеўлердиң көлеми де кеңейип бармақта. Дүнья әдебияттаныўда тарийхый романлардың композицияға ҳәм сюжет дүзиўге тийкарғы орынды ийелейтуғын образлардың генезиси мәселеси бойынша рәңбәрең илимий-теориялық пикирлер илгери сүрилген. Ҳәзирги күнде мәмлекетимизде илим-пән, билимлендириў, мәдeният ҳәм басқа да тараўларды раўажландырыў бойынша енгизилип атырған реформалардың бағдарында қарақалпақ тарийхый романы, композициясы, сюжети, конфликти, тарийхый искерлер образының жасалыўы, жазыўшылардың стиллери, жәмийетте ҳәм сиясий турмысымызда тутқан оны ҳәм әҳмийетине үлкен итибар қаратылып, оларды үйрениў бизиң алдымызда турған ўазыйпа болып саналады. Жәҳән әдебияттаныў илиминде тарийхый романды үйрениў бойынша алып барылған монографиялық изертлеўлерде образларына, сюжетине,композициясына,стильге тийисли көзқараслар, илимий пикирлер билдирилген. Қарақалпақ әдебиятының бүгинги күнде дәўир талапларына сәйкес үйренилиўи оның жанрларының - прозаның, поэзияның ҳәм драматургияның, әдебият таныўдың терең изертлениўин талап етеди. 1991-2001-жыллары дөретилген романлардың арасында Т.Қайыпбергеновтың «Қабуснама», К.Мәмбетовтың «Түркстан», А.Султановтың «Дөҳмет», К.Рахмановтың «Ақыбет», Ҳ.Ҳамидовтың «Ушқын», Ю.Әлимбетовтың «Перзенттиң әжели», Ж.Әбдиреймовтың «Ақ желқом», Т.Алланазаровтың «Заман гәрдиши», К.Мәмбетовтың «Ҳүждан», К.Алламбергеновтың «Қәўетерли соқпақлар», Ж.Сапаровтың «Султамурат бегдиң тарланы», Ҳ.Айымбетовтың «Қарабуўра», А.Әбдиевтиң «Жин-жыпырлар уясы» ҳәм А.Халмуратовтың «Жәннет бағы» атлы романлары көркемлиги ҳәм алып келген жанрлық-стильлик жаңалықлары менен бул жыллары дөретилген басқа шығармалардан ажыралып турады [2:35:4:22].

Бул жыллары тарийхый романлардың көплеп дөретилиўи айрықша дыққат қаратады. К.Мәмбетов «Посқан ел» романының үшинши китабын – «Түркстан» романын жәриялады. А.Султановтың «Дөҳмет» кинороманы ҳәм Ҳ.Өтемуратованың «Ҳүрлиман» тарийхый романының журнал варианты шықты. Ҳүрлиман бақсы Бердақ қызы ҳаққында фольклортаныўшы илимпазлар Қ.Айымбетов пенен Қ.Мақсетовлар илимий мақалалар жазды [1; 268;11]. Ҳ.Өтемуратова усы илимий-изертлеў мийнетлерден пайдаланыў менен бирге, Бердақтың қызы- Ҳүрлиман бақсының өзиниң бизиң заманымызда жасап атырған

[1] Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты, Нөкис қаласы

әўладларынан, оны өз көзи менен көрген, үлкен баласы Әблатдийинниң ҳаялының Перне кемпирдиң ядқа алыўларынан, Қундызбай Қаражан улынан аўызша мағлыўматлар топлады, еске түсириўлерин жазып алды, тарийхый сыпаттағы дереклер үстинде изертлеўшилик жумыслар жүргизди, нәтийжеде усы тарийхый роман жазылды. Бул романның журнал варианты жәрияланды.

Искусство илимлериниң кандидаты Т.Алланазаровтың «Заман гәрдиши» мемуарының жазылыўы дыққат аўдарарлық қубылыслардан саналады. Бул роман автордың кекселик дәўиринде, илимий мийнетлер ҳәм драмалық шығармалар дөретиў тәжирийбесинен кейин жазылды. Мемуар сегиз бөлимнен ибарат. Айрықша атап өтиў зәрүр, бул мемуарлық шығарма А.Султановтың «Дөҳмет» кинороманы жазылыўында тарийхый дерек ретинде пайдаланылған. Т.Алланазаров стясий искер А.Досназаров, шайыр-жазыўшылар Аяпберген Муўсаев, Қ.Әўезов, А.Бегимов, Ә.Өтепов, Аббаз Дабыл улы, Қазы Мәўлик, тилши алым Н.А.Баскаков сыяқлы сиясий искерлер менен илимпазларды өз көзи менен көрген, олар менен заманлас болған, олар менен сәўбетлескен инсан сыпатында оның еске түсириўлери айрықша қызығыўшылық пайда етеди. Мәмлекетлик искер А.Досназаров ҳаққында Т.Алланазаровтың еске түсириўлеринен жазыўшы А.Султанов шеберлик пенен пайдаланады. Бир заманда жасап, өмир сүрген заманласлар ҳаққында мемуар дөретиў дәстүри прозада кеңнен тарқалды. Т.Алланазаровтың «Заман гәрдиши» деп аталыўшы шығармасына не себеп бул атама таңланғанлығы ҳаққында мемуарды оқып отырып жуўап таба аламыз. «Заман гәрдиши адамды ықтыярсыз бийлей ме деймен… Заман гәрдиши айналдырып әкелип…» [2;35]. Мемуарға кирис сөз бериледи. Биринши бөлим балалық елеслери тийкарында жазылады. «Балалығымды еслесем» деп атама берилген бул бөлимде көркем қатарлар бериледи. Екинши бөлим «Жаңа заман, дәслепки тәсирлерим» деп аталған. Бунда автордың көзқарасы бойынша бурынғы ҳәм жаңа заман-еки дәўир салыстырылады,миллий үрп-әдет, дәстүрлер сақланыўы ҳаққында пикирлерин билдиреди. Үшинши бөлим «Қатарға қосылыў жолындағы ҳәрекетлерим» деп аталады, өзиниң жетимликтен жетилгенлиги ҳаққында сөз етиледи. Жаслардың ойын-саўықлары, қант көпир, кесе алыспа, қыз-жигитлер отырыспақлары ҳаққында бунда қызықлы мағлыўматлар бериледи. Төртинши бөлим «Тәлим берген Москва» деп аталады ҳәм Москва қаласында театр тараўында билим алған жыллары ҳаққында сөз болады. Бесинши бөлимге «Сынақлы күнлер» атамасы бериледи. Бул бөлимде автор қарақалпақ әдебиятында аты белгили көркем сөз зергерлери - Қазы Мәўлик ҳәм Аббаз Дабыловлар ҳаққында қызықлы ҳәм қунлы мағлыўматлар келтиреди. Жазыўшы А.Бегимов пенен бирликте фольклорлық ашықлық дәстан тийкарында «Ғәрип ашық» атлы пьесасының қалайынша дөретилгенлиги ҳаққында сөз етеди. Алтыншы бөлим «Илим жолындағы қәдемлерим» деп аталған. Жетинши бөлим «Сүрингенде сүйеген Ташкент», сегизинши бөлим «Ат айланып үйирин табар» деп бериледи. Көркемлик дәрежеси жоқары болған бул шығарма жанрлық-стильлик тәрептен де изертлеўшилердиң дыққатын тартады, Б.Нурабуллаев жоқары баҳалады. Қарама-қарсылықлы дәўир ҳаққында автор пикирлерин ашық айтады, бул ғәрезсизлик шарапаты менен болды .

Француз жазыўшысы Альфред де Виньи «Сен Мар ямаса Людовик XVIII дәўирдеги қозғалаң» атлы романында де Мотевильдиң королева Анна ҳаққында мемуарларынан кең пайдаланады [3; 352].

Қарақалпақ әдебиятында кейинги жыллары мемуарлық шығармалар көплеп жазылып атыр. Түрли тараўлардағы адамлар тәрепинен де бундай туўындылар халқымызға инәм етилди. Т.Алланазаровтың бул дөретпеси дөретилиў тарийхы, онда келтирилген фактлар ҳәм көркемлик қуны менен баҳаланады.

Ж.Әбдиреймовтың «Ақ желқом» романының сюжети ҳәм композициясы қызықлы қурылған. Гүрриңди айтып бериўшиниң еске түсириўлеринен автор утымлы пайдаланады, биринши беттен пикирлер бериледи. Романда Серимбет образы көркем жасалады. Ата-анасынан теңдей айрылған оның балалық өмири қыйыншылыққа толы болады. Серимбеттиң өзи бул ҳаққында роман бетлеринде айтып береди. Психологиялық романның үлгиси болған бул шығарманың журнал варианты жәрияланған еди [4; 67].

Ж.Сапаров «Султамурат бегдиң тарланы» романында қарақалпақ поэзиясында белгили Қулмурат шайырдың «Бектиң көк аты» қосығынан пайдаланады ҳәм халық арасында аты аңызға айланған жүйрик ат ҳаққында сөз етеди. Прототиплер негизинде ҳәм көркем қыялдан Султамурат бек, Қосжетер, Пирим сейис, Бекжан, Дәстан, Гүлзийра, Мухаммед Рахим, Қалнияз, Жийен, Тасполат образлары жасалады. Ат шабыслары ҳәм сейислер ҳаққында аңызлар роман сюжетине киргизиледи. Лекин, романда фольклорлық сүўретлеўдиң тәсири айқын сезиледи. Қаҳарманлар гөзлеген мақсетлерине аңсат ериседи. Булар романның кемшиликлери сыпатында көзге тасланады [13;47].

К.Мәмбетовтың «Посқан ел» тарийхый эпопеясының үшинши китабы - «Түркстан» романының жәрияланыўы қарақалпақ прозасында елеўли қубылыс саналады [7;254]. Негизинде Ҳәким ҳәм Аманлық ҳаққында тарийхый дереклер санаўлы ғана болып жетип келген. Бурынлары әдебиятымыз тарийхында «Жийен Тағай улы» деп жазылып та жүрди. Бул алжасықларды жазыўшы дүзетип, тарийхый қаҳарманлардың көркем қыял жәрдеминде жанлы образларын жасады. Изертлеўши А.Каримов Жийен жыраўдың өмири ҳәм дөретиўшилиги ҳаққында илимий изертлеў жумысын жазды. Аманлықтың ҳәм оның улы Жийенбектиң образлары көркем жасалған бул романда жазыўшы қаҳарманның еске түсириўлеринен ҳәм ядқа алыўларынан поэтикалық шеберлик пенен пайдаланады. Тарийхый романда көркем ўақыт мәселесине де прозаиктиң айрықша итибары бериледи. «Биринши күн» ямаса «Екинши күн» тәризли атамалар бериледи. Отыз үш күн даўамында Аманлықтың Бухарадан қайтқан кәрўанының сапары сюжетке киргизиледи. Тарийхый романда көркем ўақыт, ҳәрекет ҳәм орынның бирлиги поэтикалық шеберлик пенен бериледи. Көркем ўақыт поэтикалық шеберлик пенен пайдаланылғанының гүўасы боламыз. Отыз үш күн барысындағы ўақыялар «Түркстан» романында бериледи ҳәм қаҳарманның еске түсириўлери тийкарында ўақыт шегарасы жылжытылады. Фольклорлық шығармаларда да усындай әдебий қубылыслардың элементлерин ушыратыў мүмкин. Бул жазыўшының тарийхый романда көркем ўақыт имканиятларынан утымлы пайдаланғанлығынан дерек береди.

Аманлықтың еске алыўлары арқалы балалық ҳәм жаслық жылларындағы ўақыялар бериледи. Бердақ шайырдың «Амангелди» дәстанының сюжетинен пайдаланып, К.Мәмбетов роман сюжетинде ўақыяларды раўажландырады. Көркем қыялдан жасалған Жангелдиниң әкеси сыпатында Амангелди ҳәм Асан сыяқлы қаҳарманлар көркем шығармаға киргизиледи. Романда реминисенция қубылысынын қолланылыўына гүўа боламыз. «Қырық қыз» дәстаны да бул «Түркстан» романы дөретилиўинде өз орнына ийе болды. Әнжим ҳәм Сулыўхан образлары жасалыўында Гүлайым образы көркем тәсир еткенлиги белгили.А.Султановтың «Дәҳмет» кинороманының жәрияланыўы тарийхый темадағы шығармалар көплеп дөретилгенинен дерек береди. Аллаяр Досназаров бас қаҳарман сыпатында таңланған бул романда жазыўшының тарийхый фактлар, ҳүжжетлер үстинде узақ жыллар даўамында ислегенлиги мәлим.

### Әдебиятлар

1. Айымбетов Қ. Халық даналығы. Нөкис: Қарақалпақстан, 1967. 268 б.
2. Алланазаров Т. Заман гәрдиши // Әмиўдәрья. Нөкис, 1991. №10-11. Б. 3-46.
3. Альфред де Виньи. Сен Мар или заговор во времена Людовика XVIII. -Ташкент: Шарқ, 1994. 352 с.
4. Әбдиреймов Ж. Ақ желқом // Әмиўдәрья. Нөкис, 1992. № 3. Б. 37-67.
5. Бахтин М. Вопросы литературы и эстетики. М.: Художественная литература, 1975. 274 с.
6. Бекбергенова З. Қарақалпақ романларында көркем сөз поэтикасы. Нөкис: Илим, 2016. 205 б.
7. Мәмбетов К. Түркстан. Нөкис: Қарақалпақстан, 1993. 254 б.
8. Мәмбетов К. Әдебият теориясы. Нөкис: Билим, 1995. 205 б.
9. Мәмбетов К. Қарақалпақлар тарийхы. Нөкис: Қарақалпақстан, 1993. 116 б.

10. Нуржанов П. Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ прозасы. Нөкис: Билим, 2003. 39 б.
11. Нуржанов П. Ҳәзирги қарақалпақ романы поэтикасы (композициялық ҳәм жанрлық-стильлик өзгешеликлери). Нөкис: Билим, 2008.
12. Нуржанов П. Ҳәзирги қарақалпақ романы (сюжет ҳәм конфликт поэтикасы). Нөкис: Билим, 2009. 126 б.
13. Сапаров Ж. Султамурат бектиң тарланы // Әмиўдәрья. Нөкис, 1993. № 1-2. Б. 33-47.
14. Султанов А. Дөҳмет // Әмиўдәрья. Нөкис, 1996. № 5-6. Б. 3-20.
15. Уоррен О., Уэллек В. Теория литературы. М.: Прогресс, 1976. 356 с.